



Kòd Etik pou entèprèt lekòl yo

Kominike ak lekòl timoun ou an yon fason efikas

Lwa federal yo egzije lekòl yo pou yo kominike enfòmasyon bay paran timoun k ap aprann anglè yo nan yon lang yo ka konprann sou nenpòt pwogram, sèvis, oswa aktivite menmjan yo pataje l ak paran ki pale anglè yo. Sa valab pou enfòmasyon sou:

- Anrejistreman ak enskripsyon nan lekòl la
- Pwogram èd lengwistik
- Kanè (Bilten)
- Politik ak pwosedi disiplin pou elèv yo
- Konferans paran-pwofesè
- Pwosedi pou pote plent
- Manyèl pou elèv ak paran yo
- Pwogram pou moun ki gen don ak moun ki gen talan
- Magnet Schools ak Charter schools
- Edikasyon espesyalize ak sèvis ki koresponn yo
- Enfòmasyon sou aktivite paraskolè
- Nòt kont diskriminasyon

Yon entèprèt se yon moun ki ka ba w sipò lengwistik nan yon rankont ak pwofesè timoun ou an oswa yon lòt manm nan pèsònèl lekòl la, anpèsòn, nan videyo oswa nan telefòn. Yon tradiktè se yon moun ki ka ede w konprann yon dokiman orijinal ki ekri an anglè pandan l ap tradwi l pou ou nan lòt lang ou vle a. Pou entèpretasyon an mache fòk tout moun yo kopere, poze kesyon, mande repete pou yo epi pote klarifikasyon lè sa nesese. Sonje, si w pa konprann yon bagay, mande entèprèt la pou l klarifye l oswa fè pèsònèl lekòl la konn sa. Entèprèt la ka fè demann ou an pase men l **pa dwe** reponn kesyon w lan dirèkteman. Men kèk règ entèprèt ak tradiktè yo dwe swiv lè y ap ede w nan lekòl yo:

KONFIDANSYALITE: Entèprèt yo dwe toujou pwoteje enfòmasyon w yo ak enfòmasyon ki konsène timoun ou an. Enfòmasyon ki pataje pandan rankont yo oswa ki nan dokiman tankou dosye etidyan an, relve nòt oswa dosye medikal, dwe rete prive amwens ke w bay entèprèt la dwa pou l pataje yo ak pwofesè yo oswa pèsònèl lekòl la.

Family Educational Rights and Privacy Act la oswa FERPA se yon lwa ki esplike kijan enfòmasyon sa yo pwoteje:
<https://www2.ed.gov/policy/gen/guid/fpco/ferpa/index.html>

PRESIZYON: Entèprèt la dwe kominike sa w di a, egzakteman jan w di l la, san l pa chanje mesaj ou a oswa retire nan enfòmasyon w bay yo. Entèprèt yo ka mande w klarifye yon mo oswa yon ekspresyon pou yo ka sèten y ap fè mesaj ou pase ak presizyon.

RESPÈ: Entèprèt la dwe toujou trete ou menm ak pèsònèl lekòl la ak respè. Yo dwe jere konfli yo ak pwofesyonalis. Si ou santi yo derespekte w, li enpòtan pou w fè lekòl la konn sa.



Kòd Etik pou entèprèt lekòl yo

Kominike ak lekòl timoun ou an yon fason efikas

<p>SAN PATIPRI: Entèprèt yo pa dwe janm gen patipri epi yo paka ba w konsèy ni yo pa dwe pataje opinyon yo ak kwayans pèsònèl yo avè w. Lè y ap jwe wòl entèprèt ou, yo paka eseye konvenk ou pou w pran yon desizyon nan plas yon lòt.</p>	<p>PLEDWAYE: Entèprèt la ap soutni w pandan w ap defann pwòp dwa w epi l ap asire l yo tande revandikasyon w yo. Si w santi timoun ou an sibi yon enjistis, li enpòtan pou w fè lekòl la konn sa.</p>
<p>LIMIT PWOFEZYONÈL: Pandan yon rankont, entèprèt yo dwe aji antanke entèprèt sèlman. Yo ka ede w kominike ak lòt manm nan pèsònèl lekòl la ki ka reponn tout lòt kesyon w yo ak lòt pwoblèm ou genyen.</p>	<p>PWOFEZYONALIS: Entèprèt yo dwe toujou rete pwofesyonèl. Entèprèt la pa dwe anreta nan yon rankont epi li dwe montre respè pou ou ak pou lekòl la toutan.</p>
<p>SANSIBILIZASYON KILTIRÈL: Entèprèt la dwe respekte w, respekte timoun ou an, epi respekte kwayans ak pratik kiltirèl ou. Entèprèt la ka ede n klarifye malantandi kiltirèl ant pwofesè yo ak paran yo, men li dwe mande w avi w anvan.</p>	<p>DEVLOPMAN PWOFEZYONÈL: Entèprèt la dwe kontinye aprann lòt teknik ak vokabilè pou l ede w konprann enfòmasyon yo. Entèprèt la pa dwe janm sispann aprann.</p>